



Nyakanga / September 2021

*kirundi*

## Muri ako kanya araheza arahaguruka

(Luka 13,13)

**Kontakt:**

Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

Mobil.:

+49-172-5638432  
Mail:  
[meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
Homepage  
[www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

**Subira kugira umwizer!**

**Straighten up!**

Bakunzi b'Ijambo,

Hari harabaye ikintu gikomeye mu buzima bwiwe. Ubu bisa n'uko umutima wiwe wikoreye umuzigo uremereye. Ivyo vyaramuremera ku buryo bw'uko atashobora no kugenda. Nta numwe yaronse ashobora kubiyagira. Niwe yikorera uyo mutwaro wenyene mu buzima. Eka vyari vyaramumugaje. Ntiyari akiraramura n'umutwe, yaguma araba hasi, Gutambuka neza vyo ntavyo yashobora kuva agifise imyaka 18. N'uko rero nta muntu yabona, kandi nawe nta wamuraba.

Niho rero Yezu ku gihamana, Yezu yaca muri iyo nzira. Ngo amubone, ntiyamuteye ishishi namba. Ahubwo cabaye igihushane. Ubwo nyene aramwihweza aca aramuhamagara. Indabo yiwe ntiyari iyimucira urubanza canke iyimusuzugura. Muri iyo ndabo y'urukundo uyo mukenyezi yibwiye ati : ivyabaye vyarabaye. Nkako iyo ndabo ntiyamucira urubanza, ahubwo yaramuhagurukije. Ni ho rero yaza yumva ngo : „wa mukenyezi we, urakijjwe ubumuga bwawe“, aca yumva mbere n'ibiganza vya Yezu ku mutwe wiwe. Emwe ukwo kwumva uwumwegera amugirira neza, hari haciye imyaka 20 atabica n'ikanda. Muri ukwo kwumva ko yegerewe, niho yasubiye kwiyumva we nyene gushasha. Ico kintu hari haciye imyaka adaheruka, ng'iki agiye acumva : aramuhamagurukije!

Umusi uri izina twaratanguye intambwe ya mbere mu karere katabagajwe n'intambara muri Bosnie. Twari kumwe n'inkumi be n'umusore muri uyo mugambi udasanzwe. Mu nzira twari dufise umwanya munini wo kuganira. Ngo tugire turashika, turatamarirwa tubonye ibisagara vyacitse umunyota. Aho twaca hose, wabona abasaza bicaye imbere y'ubururi bwabo. Tuti mbega bane tubihera hehe? Nanje nti : „Ico urukundo rushobora gusa ni gukunda“. Ingo nyabuna duhere aho tubona habikenye kuruta. Uko niko hatanguye uyu mugambi wa go4peace. Umwaka urangiye niho iyo nkumi yanyandikira iti : „ndagushimiye ku gihe twamaranye muri Bosnie. Imbere yo gutangura uyu mugambi, nari ngeze mu mwijima. Ubu nafashe ingingo nshasha yo kubandanya mbaho“. Aho niho nategereye ukuntu umwizer w'iyo nkumi utari ufise uburagamo. Ukwo gukorera hamwe ibintu, kandi tubikorera abandi, vyaramusubije umwizer! – **Subira kugira umwizer! Straighten up!**

Kubwa go4peace,

Meinolf Wacker